



## DIVISION OF STUDENT AFFAIRS

Nouvèl Zafè Etidyan pou OU: Refleksyon, Retwouvay, Mwa Istwa LGBTQ+, Dirije avèk Lanmou  
Lendi 9 oktòb 2023

Chè Kòlèg,

Pandan m ap ekri w jodi a, mwen konnen kit se nan peryòd kalmi kit se nan peryòd latwoublay, angajman w ak rezilyans ou toujou ap briye. Mwen gen rekonesans anvè ekip DSA a pou fòs ak konpasyon li demontre. Akoz [evènman ki rive wikenn sa a nan Mwayennoryan an](#), mwen menm tou sa pouse m pran yon poz pou reflechi sou kantite lavi moun inosan nou temwen ki detwi. Konfli sa a bay anpil gwo estrès epi li vrèman pèsònèl pou anpil nan kòlèg nou yo. Mwen konprann sa kapab lakoz vin gen yon pakèt emosyon nan kominote nou an. Tanpri, kontinye chèche fason pou pran swen tèt ou ak moun ki toutotou w yo. Nou konekte.

Menmsi sa kapab parèt san enpòtans akoz evènman ki ap rive nan monn nan, kreyasyon kominote a enpòtan anpil! Se 100<sup>yèm</sup> anivèsè Retwouvay nan UMD. Afiche lespri w ak tout sans sa vle di pou ou lefètke w se yon Terp. [Nou prevwa anpil aktivite pou semèn sa a!](#) Pa bliye montre w fyè pou Maryland epi [mete pi bèl rad UMD ou yo](#). Gen plizyè evènman Retwouvay ki vin posib gras a bon travay ou fè yo! Mèsi dèske w ap kontinye kreye yon seri pwogram pasyonan ki angaje kominote nou an.

Epitou, mwen vle voye yon gwo felisasyon bay Biwo Angajman Familyal la pou bèl Family Weekend ki te dewoule semèn ki pase a—[fè yon koudèy sou bèl rezime sa a](#) ki soti nan Maryland Today! Yon gwo mèsi pou Brian Watkins ak Danielle Walker nan Biwo Angajman Familyal la, ak tout komite planifikasyon an, pou wikenn amizan sa a epi ki te gen anpil objektif.

### **Selebre Mwa Istwa LGBTQ+**

Mwa oktòb se Mwa Istwa LGBTQ+, nou ap selebre pou premye fwa nan UMD pandan mwa sa a avèk yon nouvo seri evènman ki dire yon (1) mwa, “[Love Me Tender, Love Me Queer](#).” Prezante gras a [Office of Multicultural Involvement & Community Advocacy \(MICA\)](#) nan The Stamp, seri sa yo met aksan sou wòl esansyèl lanmou ak inite jwe nan kominote LGBTQ+ yo. Pou atire atansyon sou konba ak solidarite kominote LGBTQ+ yo, aktivite nou fè chak ane konsènan mwa Fyète a ap fèt an oktòb, olye mwa avril. Nou fyè pou nou patisipe nan komemorasyon enpòtan sa a ki rekonèt epi onore istwa Queer ki souvan neglije, epi ki te fason sosyete nou an.

### **Konprann epi Afwonte Atak Politize yo fè Kont Divèsite, Ekite ak Entegrasyon (DEI) nan Edikasyon**

DSA ap ko-esponnsorize yon kokennchenn evènman Edikasyon nan Inivèsite ki ap prezante ekspè nasyonal sou ekite rasyal la, Dr. Shaun Harper. Jou mèkredi 25 oktòb la, Dr. Harper ap fè yon konvèsasyon nan bon

moman konsènan defi edikatè ak enstitisyon ki ap ankouraje efò DEI yo rankontre, estrateji pou fè travay sou ekite a avanse, epi enpòtan sa genyen pou favorize yon anviwònman aprantisaj enklizif. Konvèsasyon sa a sitou enpòtan etandone Tribinal Siprèm peyi Etazini an fèk pran desizyon pou kanpe admisyon ki baze sou kesyon ras la. Nan klima politik dinamik nou an, nou dwe adapte apwòch nou an yon fason pou asire yon avni enklizif pou tout moun. An nou montre nou diy pou evènman an! Mwen espere ou kapab asiste evènman enpòtan sa a. [Gade detay yo epi enskri](#). Mwen ap la!

## **Investi nan Moun ak nan Kominote Nou an**

### **Mwa Karyè nan Zafè Etidyan**

Kontinye investi nan tèt ou pandan mwa oktòb sa a avèk aktivite Mwa Karyè nan Zafè Etidyan yo! Direktè Enterimè Eksperyans ak Kilti Manm Pèsonèl la, Earl Cabellon, ak lòt kòlèg nan divizyon an te kowòdone yon seri evènman anrichisman pwofesyonèl pou ou menm ak etidyan nou yo ki se anplwaye.

Ankouraje manm pèsonèl etidyan w lan pou asiste nan panèl konvèsasyon ki rele “Paths in Student Affairs” a, epi pou patisipe nan yon konvèsasyon avèk manm pèsonèl divizyon an ki te kite UMD epi ki retounen apre yo fin fè eksperyans lòt kote. Epitou, mwen envite w rankontre kòlèg ou yo pandan evènman Rezo Sosyal Pwofesyonèl Koulè ak Happy Hour Career Mixer la. Gen plis detay sou evènman sa yo, ansanm ak fòm RSVP yo, ki disponib sou [sit entènèt Zafè Etidyan yo](#).

### **Leve Moun ki ap Dirije Avèk Lanmou epi Atansyon yo**

Nou souvan selebre bon travay moun yo rive fè nan kad responsabilite pwofesyonèl yo—epi nou dwe fè sa! Epitou, mwen konnen jantiyès ak atansyon w demontre jwe yon gwo wòl nan divizyon nou an. Se yon onè pou mwen rann moun ki demontre gwo angajman anvè kominote nou an omaj. Pri Acorn nou an selebre fason moun yo dirije avèk lanmou. Nou te aplodi moun ki genyen Pri Acorn yo pandan Reyinyon Piblik DSA nou an ki te fèt mèkredi pase, epi nou aplodi yo isit la tou.

### **Don Hardy, Lavi Rezidan**

Direktè Rezidans Carroll, Caroline, Wicomico ak Worcester, Don sanble te resevwa pi gwo pati nan plent etidyan yo ak fanmi yo pandan dènye vag chalè ki sot genyen an. Li te reponn tout plent sa yo avèk yon konpasyon radikal, yon gwo fleksibilite ak yon atitud pozitif. Etidyan yo ak fanmi yo te santi y ap koute yo, yo te konnen gen yon moun ki gen sousi pou yo epi yo te montre yo plis ouvè ak opsyon lavi nan rezidans lan kapab ofri yo. Don te mobilize responsab rezidans li yo epi li pran nouvèl etidyan li yo lajounen kou lannuit. Li te menm mete dlo fre ak bwason gazez nan frijidè yo regilyèman. Don te yon vrè vedèt, atasyon li parèt klè epi li konsantre sou travay li!

### **Natalie Taylor ak Stephanie Draminski, Lwazi ak Byennèt nan Inivèsite**

Natalie ak Stephanie, ansanm ak Amanda Preparato, ansyen anplwaye nan RecWell, t ap monte bisiklè nan Pennsylvania lè yo te sove lavi yon etranje yon fason ewoyik. Yo te tandè yon moun ki ap mande sekou pandan yo t ap monte bisiklèt toutolon yon rivye pandan yo t al fè kanpin epi yo te wè yon jèn gason ki an danje nan dlo a. San yo pa ezite, yo te fè yon sovtaf nan dlo a, epi yo te mete

mesye a an sekirite egzakteman nan bon moman. Ensidan sa a montre angajman yo pran konsènan lòt moun ansanm ak volonte yo genyen pou kontinye ede lòt moun nan kominote a plis toujou.

### **Tracy Kiras, Lavi Rezidan**

Antanke Direktris Adjwen pou Asiyasyon, Kominikasyon, ak Sèvis Teknoloji yo, byen souvan, Tracy konn rankontre etidyan ansanm ak fanmi ki bloke epi ki panike. Yo souvan bezwen sipò ak yon moun pou koute yo, epi Tracy fè sa souvan avèk atansyon epi gras. Sa pa gen lontan, li te ale pi lwen pou ede paran yon nouvo etidyan etranje ki t ap bay tèt li pwoblèm konsènan tranzisyon elèv li a nan yon peyi ki tèlman lwen konsa. Tracy te pwopoze paran sa a yon seri opsyon ak ide, epi li te koute paran an avèk senserite, otantisite epi avèk konpasyon. Repons paran sa a montre sa: “Kontak avèk Tracy a kite deyè yon eksperyans ansanm ak souvni ki ap dire epi li fè UMD gen yon plas ki vrèman espesyal nan istwa nou.”

### **Sarah Wilson, Sant Sante Inivèsitè**

Filozofi ki ap gide Sarah nan travay li se konble bezwen ki gen sou kanpis la grasa yon seri chanjman kreyatif, ki reflechi epi ki efikas. Pwogram Wags for Wellness li te kreye epi li ap kowòdone a te pèmèt plis pase 2,000 etidyan rive bati lyen avèk chyen pou soulaje estrès yo. Epi Sarah te mete tèt li benevòl pou rejwenn yon kominote nasyonal aprantisaj byennèt ki konsantre sou aksyon ki baze sou ankèt reflechi. Li te fè tout travay sa yo nan sèvis byennèt ak ekite etidyan nou yo. Wòl li antake lidè efò meditasyon ki ap fèt nan Sant Sante a depase tout aspè nan lavi li. Pou pi senp, Sarah gen sousi pou sa.

Se pou nou tout kontinye dirije avèk lanmou, bonte ak atansyon, paske se konsa monn sa a ap vin pi bon,

Patty Perillo, Ph.D.

Vis Prezidan pou Zafè Etidyan yo, University of Maryland  
li (pwonon feminen)

### **Anrejistre Dat yo**

- [Retwouvay](#): Dimanch 8 oktòb pou rive samdi 14 oktòb
- [Kanaval Terp](#): Vandredi, 13 oktòb, 4 p.m. pou 8 p.m., McKeldin Mall
- [Konprann epi Afwonte Atak Politize yo fè Kont Divèsite, Ekite ak Entegrasyon nan Edikasyon](#): Mèkredi 25 oktòb, 5:30 p.m., The Hotel